SCIENCE AND INNOVATION
INTERNATIONAL SCIENTIFIC JOURNAL VOLUME 1 ISSUE 7
UIF-2022: 8.2 | ISSN: 2181-3337

# К.КАРИМОВТЫҢ «ДАРВИШ»РОМАНИ: ПРОБЛЕМАТИКАСИ ВА ҚАҲРОМОН ОБРАЗИ

**П.Нуржанов**
Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети
Филология фанлари доктори, доцент
https://doi.org/10.5281/zenodo.7309462

***Аннотация.*** *Ушбу мақолада қорақалпоқ ёзувчиси К.Каримовнинг «Дарвиш» романи проблематикасининг ўзига хослиги ва қаҳроман образини яшининг йўллари ҳақида гап боради.*

***Таянич иборалар:*** *тарихый ҳодиса, тарихый роман, тарихый қаҳромон образи, монолог, диалог, миллий колорит, бадиий психологизм, сюжет, композиция.*

# ТЕКСТ НАУЧНОЙ РАБОТЫ НА ТЕМУ: «ПРОБЛЕМАТИКА И ОБРА ГЕРОЯ В РОМАНЕ К.КАРИМОВА «ДАРВИШ»»

***Аннотация.*** *В статье исследуются свое образие проблематики и пути воссоздания героя образа в романе Каракалпакского писателя К.Каримова «Дарвиши»*

***Ключевые слова:*** *историческое событие, историческироман, образ исторического героя, монолог, диалог, национальный колорит, художественной психологизм, сюжет, композиция.*

# THE PROBLEMATICS AND IMAGE OF THE HERO IN K. KARIMOV'S NOVEL "DARVISH"

***Abstract.*** *The article examines its own image of the problem and ways of recreating the hero of the image in the novel "Darvishi" by the Karakalpak writer K. Karimov*

***Key words:*** *historical event, historical novel, image of a historical hero, monologue, dialogue, national flavor, artistic psychologism, plot, composition.*

## КИРИШ

Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты идеялык-тематикалык бағдары, жанрлық-стиллик, көркемлик қәсийетлери, қаҳарман образын жасаўы, турмыс шынлығын коркем ҳақыйқатлыққа айландырыўы бойынша белгили орынға ийе болып үлгерди. Буны биз ғәрезсизликке шекемги әдебияттың раўажланыў бағдары менен салыстырсақ, олар арасында үлкен парктың бар екенлигине исеним ҳасыл қыламыз. Мәселен, молла-ийшанларды, бардамлы, өзине тоқ инсанларды унамсыз қаҳарман етип сүўретлеў 1990-жылларға шекем әдебиятта үрдиске айланып кеткен еди. Усындай надурыс тенденция себепли улыўма түркийтиллес халықлар әдебиятында диний искерлерге қара бояў жағып сүўретлеў өршип кетти. Оларды убыжык етип сүўретлеген шығармалар ҳәттеки мектеп сабақлықлары менен хрестоматияларына шекем киргизилди.

## ТАДҚИҚОТ МЕТОДИ ВА МЕТОДОЛОГИЯСИ

Бирақ та ғәрезсизлик жыллары бул бағдардағы жағдай бираз жақсыланды, турмыс ўақыялары әдебиятымызда қалыс түрде сәўлелене баслады. Мысалы, диний уламалар менен, молла-ийшанлардың елдиң аўызбиршилигин сақлаўдағы, халықты ийман-инсапқа, диянатқа шақырыўдағы ибратлы ислери бир қанша әдебий шығармаларда ҳақыйқат түрде сәўлеленди. Усы көзқарастан Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес», А.Пахратдиновтың «Сөйленбеген тарийх», «Шейитлер тәғдири», К.Смамутовтың «Сизлерге айтып

кетежақпан», Ш.Уснатдиновтың «Шайырдын жаслығы», «Соңғы аңшы», Е.Усеновтың «Ханмақсым», ҳ.т.баска шығармалар дыққатқа ылайық.

**ТАДҚИҚОТ НАТИЖАСИ**

Усылардың қатарында К.Каримовтың «Дәрўиш» романы белгили орынды ийелейди. Өйткени онда жерлесимиз, Қоңырат елаты турғыны Ысақ молланың диний билим алыў ушын қанша қыйыншылықларды жеңип өтип, бир неше медреселерди питкерип, илимли-билимли адамға айланыўын, атақлы венгер илимпазы ҳәм саяхатшысы Армин Вамбери искерлиги менен тығыз байланыста алып сүўретленген. Жерлесимиз молла Ысақтың (1836-1892) Армин Вамбериге ерип Венгрияға барыўы, ол жерде жасап қалып, көп тиллерди үйрениўи, қарақалпақ аўыз әдебиятының айырым шығармаларының Европада тарқалыўына себепши болыўы, ақыр-ақыбетинде Венгрия Илимлер академиясы тарийхында елеўли из қалдырғаны ҳаққындағы мағлыўматлардың баспа сөзде, илимий әдебиятларда жәрияланыўы жазыўшыға түртки болганы анық.

**МУҲОКАМА**

Негизинде Ысақ молланың XIX әсирде-ақ Венгрияға барып қалыўына себепши болған А.Вамбери мийнетлеринде қарақалпақ халқының тарийхы, этнографиясы, тили туўралы баҳалы мағлыўматлар бар. Бул ҳаққында академик С.Камаловтың «А.Вамбери қарақалпақлар туўралы» (1995) мийнетинде бириншилерден болып пикир билдирилген. Оның жазыўынша, А.Вамбери 1863-жылдың 28-март ҳәм ноябрь айларында дәрўиш сыпатында Хийўа, Қоңырат, Ургенч, Бухара, Самарқанд, Қарши, Герат қалаларына барып, қайтарсын өз журты Венгрияға Тегеран арқалы қайтады. Саяхаты даўамында А.Вамбери сол жерде жасаўшы халықлардың тили, әдебияты, мәденияты, үрп-әдети, жасаў шараяты ҳ.т.б ҳаққында көплеген баҳалы мағлыўматлар жыйнайды. Кейин ала оларды «Орта Азия бойлап саяхат» (М.1874), «Орта Азия очерклери» (1868) ҳ.т.б. мийнетлеринде жәриялайды. Аты аталған мийнетлер рус немец, англичан ҳ.т.б тиллерде жарық көреди, усы себепли олар Орта Азия халықларын, соның ишинде қарақалпақларды да пүткил дүньяға танытады. Демек, К.Каримовтың «Дәрўиш» романында (2019) Ысақ молла ҳәм А.Вамбери искерлигинин сол дәўирдиң тарийхый шараятына сай түрде көркем ҳақыйқатлыққа айландырылғаны елеўли қубылыс болды.

Жазыўшы көркем фантазияға ерк бериў менен тарийхый романның ҳүжжетлик тийкарына да үлкен итибар береди. Бунда академик С.Камаловтың жоқарыда аты аталған китабындағы тарийхый мағлыўматлар шығарманың ҳүжжетлик негизин қурағанлығын сезиўге болады. Бул мийнетте: «Ысақ молла А.Вамбери менен Хийўада танысқаннан баслап (1863, июнь) оның менен бирге Будапештке дейин (1864, май) барған. Вамберидиң Орта Азияға болған саяхатының сәтли болыўында Ысақ молланың тутқан орны үлкен»-деп жазады. Романдағы ўақыялардың раўажланыў барысы усы ҳүжжетлик тийкарға сай келеди.

К.Каримов романда Ысақ молла образын ҳәр тәреплеме ашыў мақсетинде қыялый образлардан да шеберлик пенен пайдаланған. Мәселен, молла Ысақтың садық досты, жан қоңсысы Юсуп хожа менен өткерген балалық жылларын автор жүдә тәсирли, сол дәўирдеги тарийхый ҳақыйқатлық пенен тығыз байланыслы түрде сүўретлеген: XIX әсирдиң биринши ярымындағы Қоңыраттағы драматизмге толы ўақыялар-қарақалпақларды, бир жағынан, Хийўа ханлығының езиўи, екинши тәрепинен, түркмен басқыншыларының зорабанлық ҳәрекетлери, үшинши жағынан, рус патшалығының

сиясий ойынлары-булардың ҳәммеси оқыўшының сүўретленип атырған тарийхый дәўир ҳаққында кең түсиник алыўына имканият жаратады. Усы тарийхый ўақыялар фонында роман сюжети раўажланып, қаҳарманлар образы ашылып барады. Нәтийжеде ҳадаллық пенен наҳақлық, жаўызлық пенен меҳрибанлық қусаған сыпатлардың өз-ара гүресин Ысақ молла образына байланыстырып сүўретлеў оқыўшыда үлкен тәсир қалдырады. Жазыўшы Ысақ молла өмир сүрген жыллардағы (1836-1892) Қоңырат журтындағы ўақыяларға өз қатнасын билдириў арқалы қаҳарманлар образын жаратады. Мәселен, жас Ысақ молла менен онын досты Юсуп хожаның өз ели тарийхына болған қызығыўшылығына итибар бериў арқалы олардың көкиреги ояў, сергек жаслар екенлигин көрсетеди: еки жас өспиримниң Қоңырат қаласы жанындағы Төребий дәўиринен қалған естеликлер, усы жерден өтетуғын жипек жолы, оннан қоңыраўлары сыңғырлап өтип турған кәрўанлар туўралы қыялға берилиўи, Әмиўдәрья арқалы жүзип келген рус пароходын көргендеги жергиликли халық ўәкиллериниң таң калысыўы х.т.б. ҳәдийселер романда өзине тартымлы жанлы картиналар, сюжетлик деталлар менен сүўретленген. Әлбетте буларды сүўретлеўде автор тарийхый дәреклердеги фактлерге сүйенген, оларды өз дөретиўшилик фантазиясы менен байытқан.

Жазыўшының роман сюжет қурыўдағы шеберлиги оның базда авторлық мағлыўматлардан утымлы пайдаланыўында, гейде қаҳарманлардың еске түсириўлерин ўақыт бойынша кейинге шегиндирип бериўинде көринеди. Бул нәрсе роман поэтикасының өзине тәнлигинен дәрек береди. Мысалы, автордың Ысақ молла аўылының не ушын «Бақырған» деп аталғанын, сондай-ақ бул жердиң не себеп «Шейхлар аўылы» делиниўин баянлаўы шығарманың оқыўшы тәрепинен қызығып оқылыўына, сюжеттиң тартымлы болыўына, сол дәўир ўақыяларын өтмиш ҳәдийселери менен байланыстырыўға хызмет етеди.

Романның улыўма композициялық қурылысындағы көзге түсерлик өзгешеликлердиң бири, бул оның «Бақырған журты», «Дәслепки сапар», «Хийўада», «Қоңираттан алыста» деген үлкен төрт бөлимге бөлиниўинде көринеди. Бул бөлимлердиң өз гезегинде «Адасқан жағал ешки», «Қоңырат базарындағы ўақыя», «Үйден кетиў», «Дағдарыс», «Зәйнеп», «Шайықлар аўылында», «Қутлы-Мурадтың кесилген басы», «Ўатанды қумсаў», «Дәрўиш сүўретинде», «Рәшид хажы», «Ақсақ дәрўиш», «Армин Вамбери», «Ысақ молла әрманлады», «Үйлениў ҳәм саяхат» ҳ.т.басқа бөлимшелерге ажыратылыўы бир жағынан, роман композициясының өзине тәнлигинен дәрек берсе, екинши жағынан, шығарма ўақыяларының оқыўшы тәрепинен қабылланыўына қолайлылық туўдырады. Бул композициялық усыл әдебиятымызда Ж.Аймурзаевтың «Қызкеткен», К.Мәмбетовтың «Посқан ел» ҳәм «Түркстан» романларында қолланылған болып, олар «Дәрўиш» шығармасын жазарда автордың қарақалпақ романшылығында дәстүрий баянлаў поэтикасына әмел қылғанын көрсетеди.

К.Каримовтың «Дәрўиш» романында сюжет поэтикасының және бир өзгешелиги соннан ибарат, жазыўшы айырым орынларда бурын сүўретленген ўақыяларды әдебий қаҳарманлардың ядқа түсириў монологлары арқалы қайтадан жанландырады. Сонлықтан олар китап оқыўшылардың ядында қайта тикленип, қаҳарманлар образын және де толығырақ ашыўға хызмет етеди. Жазыўшы романда орынлы жерлерде диалоглардан баслап ишки монолог, авторлық сүўретлеўлер, қысқа-қысқа пейзажлық көринислер, әдебий қаҳарманлардың қыймыл-қозғалыслары, ықшам портретлик штрихлар

формасындағы сүўретлеўлерге шекем көркем психологиялық хызмет жүклеп, дәўир руўхын ҳәм қаҳарман образларын тәсирли түрде сәўлелендириўге ериседи.

**ХУЛОСА**

К.Каримовтың «Дәрўиш» романында XIX әсир қарақалпақ елиндеги исламий билим менен мәдениятты терең ийелеўге деген умтылысты, илим-билим ийелеўге деген жаслардың интасын сюжетке арқаў етип, терең мағаналы көркем сүўретлеў формалары менен ашып бериўи, усы бағдарда тарийхый шынлықты көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўы прозамызда елеўли ҳәдийсе болды. Жазыўшының Ысақ молла, саяхатшы А.Вамбери ҳәм тағы басқалардың образларын шебер жасаўы дыққатқа ылайық. Усы себепли оқыўшы жәмийетшилиги XIX әсирде-ақ елимизди Европаға таныткан жерлесимиз ҳаққында мақтаныш сезимлерине бөленетуғынлығы, бул болса өз гезегинде өсип киятырған жас әўладты дәўирге сай етип тәрбиялаўға хызмет ететуғынлығы анық.

**REFERENCES**

1. Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979;
2. Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. Нукус: «Каракалпакстан», 1984;
3. Нарымбетов Ж. Жаңа эстетикалық шеклерге қарай. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985;
4. Жаримбетов Қ. К.Каримовтың «Аға бий» романы ҳаққында гейпара ойлар. «Әмиўдәрья» 2013, №5;
5. Нуржанов П. К.Каримовтың «Аға бий» романы ҳаққында гейпара ойлар. «Әмиўдәрья» 2012, №3;
6. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). Нөкис: «Билим», 2009;
7. Dilmurat Quronov. Adabiot nazariyasi asoslari. Toshkent: «Navoiy universiteti», 2018;
8. Оразымбетов Қ. Ғәрезсизлик дәўири ҳәм қарақалпақ әдебияты- Қ.Оразымбетов. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. II том, 107-113 бб.